Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (83 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (83 KB)

# «Wori'nlardag'i' ma'mleketlik ha'kimiyat haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' (jan'a redakciyada)

**I-bap. Uli'wma rejeler**

**1-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esleri rayonlarda ha'm qalalarda (rayonli'q bag'i'ni'wdag'i' qalalardan basqa) wa'killikli ha'kimiyat uyi'mlari' boli'p tabi'ladi'.
Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi rayonni'n', qalani'n' yen' joqari' lawazi'mli' adami' boli'p tabi'ladi' ha'm usi'ni'n' menen bir waqi'tta tiyisli aymaqta wa'killikli ha'm atqari'w ha'kimiyati'n basqaradi'. Rayon, qala ha'kimleri Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esine ha'm tiyisli xali'q deputatlari' Ken'esine yesap beredi.
Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esi ha'm ha'kim rayondi', qalani' uli'wma socialli'q-ekonomikali'q rawajlandi'ri'w wazi'ypalari'n a'melge asi'ri'wda Wo'zbekstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm Wo'zbekstan Respublikasi' Woliy Majlisi palatalari'ni'n' sheshimlerin, Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidenti pa'rmanlari'ni'n' ha'm basqa da aktlerinin', Wo'zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabineti qararlari'ni'n' ha'm biyliklerinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da sheshimlerinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qararlari'ni'n', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qararlari' ha'm biyliklerinin', ha'kimshilik uyi'mlardi'n' sheshimlerinin' wori'nlani'wi'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' menen puqaralardi'n' wo'zin-o'zi basqari'w uyi'mlari' arasi'nda baylani'sti', qalani', rayondi' basqari'wg'a xali'qti' tarti'wdi' ta'miyinleydi.
Wori'nlardag'i' ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' jumi'slari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi', usi' Ni'zam ha'm Wo'zbekstan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' basqa da ni'zam aktleri menen retlestiriledi.
Wori'nlardag'i' wa'killikli ha'kimiyat uyi'mlar ha'm ha'kim Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ma'mleketlik gerbi bar mo'rge iye.

**2-statya.** Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' ta'repinen tayi'nlanadi', lawazi'mi'nan bosati'ladi' ha'm xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esi ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.
Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi a'dette xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esinin' deputatlari'nan tayi'nlanadi' ha'm tasti'yi'qlanadi'.
Xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' ha'm ha'kimlerdin' wa'killik mu'ddeti-bes ji'l.

**3-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esleri ha'm rayonni'n', qalani'n' ha'kimleri tiyisli aymaqta puqaralardi'n' wo'zin-o'zi basqari'wi'n rawajlandi'ri'wg'a ja'rdemlesedi, wo'zin-o'zi basqari'w uyi'mlari'ni'n' jumi'si'n bag'darlaydi'.

**4-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esi, rayonni'n', qalani'n' ha'kimi wo'z wa'killikleri sheginde aymag'i'ni'n' ma'plerine tiyisli uli'wma qi'zi'g'i'wshi'li'q tuwdi'ratug'i'n ilajlar ju'rgiziw, birliktegi ka'rxanalar, xojali'q sho'lkemlerin du'ziw, ha'r qi'yli' tarawlarda ha'm basqari'w salalari'nda jumi'sti' baylani'sti'ri'w ushi'n Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ha'm Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' basqa da qalalari'ni'n', rayonlari'ni'n' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' menen sha'rtnama arqali' qatnasi'qlar jasawg'a haqi'li'.

**5-statya.** Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esi sheshimler qabi'l yetedi.
Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi sheshimler qabi'l yetedi ha'm biylikler shi'g'aradi'.
Xali'q deputatlari' Ken'esinin' ha'm ha'kiminin' aktleri, yeger akttin' wo'zinde basqa ta'rtip belgilenbese, qol qoyi'lg'an waqti'nan baslap wo'z ku'shine yenedi.
Xali'q deputatlari' Ken'esinin' ha'm ha'kimnin' wo'z wa'killikleri sheginde qabi'l yetken aktlerin rayonni'n', qalani'n' aymag'i'nda jaylasqan barli'q ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, lawazi'mli' adamlar ha'm puqaralar wori'nlawg'a minnetli.

**II-bap. Wori'nlardag'i' ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' menshigi ha'm basqari'w ta'rtibi**

**6-statya.** Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esi ha'm ha'kimnin' jumi'si'ni'n' ekonomikali'q tiykari'n ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilislerdin' ma'mleketlik menshigi (kommunalli'q menshik) ha'm ekonomikali'q, socialli'q jaqtan rawajlandi'ri'wg'a xi'zmet yetetug'i'n rayonda, qalada bar basqa da menshik quraydi'.
Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esi ha'm ha'kim, Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' ayri'qsha menshigindegi ma'mleketlik wobektlerge wo'ndirislik ha'm socialli'q wobektlerdin' na'tiyjeli jaylasti'ri'li'wi'n, ta'biyiy ha'm miynet resurslari'ni'n' duri's paydalani'li'wi'n, qorshap turg'an wortali'qti'n' qorg'ali'wi'n, xali'qti'n' socialli'q jaqtan qorg'ali'wi'n qadag'alawdi' a'melge asi'radi'.
Rayonni'n', qalani'n' menshigin, sonday-aq rayonni'n', qalani'n' xojali'q biyligine berilgen respublikali'q menshik wobektlerin basqari'w ta'rtibi usi' Ni'zam, Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' basqa da ni'zamlari' menen ta'rtiplestiriledi.
Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esi ha'm ha'kim wo'zlerine qarasli' aymaqta jaylasqan ha'r qi'yli' menshik formasi'ndag'i' ka'rxanalar ushi'n Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'nda na'zerde tuti'lmag'an, isbilermenlik ha'm xojali'q jumi'si'na tosqi'nli'q isleytug'i'n sheklewlerdi yengiziw huqi'qi'na iye yemes.

**7-statya.** Ma'mleketlik menshikti bo'lip beriwdin' na'tiyjesinde wo'tkerilgen yamasa ni'zamlarg'a muwapi'q iyelikke ali'ng'an wobektlerge iyelik yetiw huqi'qi' xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esine tiyisli.
Rayonni'n', qalani'n' menshiginde xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' mu'lki, byudjettin', byudjetten ti's ha'm arnawli' qorlardi'n' qarji'lari' boladi'. Rayonni'n', qalani'n' menshiginde injenerlik infrastrukturasi'ni'n' wobektleri ha'm rayonli'q, qalali'q a'hmiyetke iye basqa da wobektler, ka'rxanalar ha'm birlespeler xali'q bilimlendiriw, den sawli'qti' saqlaw, socialli'q ta'miyinlew, ilim ha'm ma'deniyat ma'kemeleri, rayonni'n', qalani'n' qarji'lari' yesabi'nan, soni'n' ishinde u'lesli baslamada du'zilgen basqa da da'reklerden ali'ng'an yamasa rayonli'q, qalali'q Ken'eske tegin berilgen basqa da ma'kemeler, bahali' qag'azlar ha'm finans qarji'lari' boli'wi' mu'mkin.

**8-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esi ha'm ha'kim ni'zamlarda belgilengen shekte rayonni'n', qalani'n' menshik wobektlerin basqaradi'.
Xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esi, rayonni'n', qalani'n' ha'kimi rayonni'n', qalani'n' menshigindegi wobektlerdi ni'zamlarda na'zerde tuti'lg'an ta'rtipte ha'm shekte waqi'tsha yamasa turaqli' iyelewge ha'm paydalani'wg'a beriw huqi'qi'na iye.

**9-statya.** Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi ni'zamlar menen belgilengen ta'rtipte ha'm ko'lemde ka'rxanalarg'a, ma'kemelerge, sho'lkemlerge, diyxan xojali'qlari'na, puqaralarg'a jerdi iyelewine, paydalani'wi'na ha'm ijarag'a beriwge, bul subektlerdin' jerdi iyelew ha'm paydalani'w huqi'qi'n toqtati'wg'a, sonday-aq jerdi ali'p qoyi'wg'a haqi'li'. Qabi'l yetilgen sheshimler xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esinde tasti'yi'qlanadi'.
Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esi ha'm ha'kim Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na muwapi'q jer qatnasi'qlari' tarawi'nda basqa da ma'selelerdi sheshedi.

**III-bap. Wori'nlardag'i' ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' qarji'lari'**

**10-statya.** Rayonni'n', qalani'n' finans resurslari'n byudjettin', byudjetten ti's ha'm arnawli' qorlardi'n' qarji'lari', kredit resurslari', sonday-aq respublikali'q byudjetten aji'rati'lg'an subvenciyalar ha'm dotaciyalar quraydi'.
Rayonni'n', qalani'n' finans resurslari' birliktegi, soni'n' ishinde aymaqlar arali'q socialli'q-ekonomikali'q rawajlandi'ri'w bag'darlamalari'n qarji' menen ta'miyinlew ushi'n basqa rayonlardi'n', qalalardi'n', sonday-aq ka'rxanalardi'n', ma'kemelerdin', sho'lkemlerdin', ja'miyetlik birlespelerdin' ha'm puqaralardi'n' finans resurslari' menen sha'rtnama tiykari'nda birlestiriliwi mu'mkin.

**11-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esi tiyislinshe rayonli'q, qalali'q byudjetti ha'm woni'n' wori'nlani'wi' haqqi'nda yesapti' tasti'yi'qlaydi'.
Rayon, qala byudjetinin' joybari'n islep shi'g'i'wdi' ha'm woni' wori'nlawdi' ha'kimler a'melge asi'radi'. Byudjettin' joybari' ha'kim ta'repinen da'ramatlardi'n' da'rekleri ha'm qa'rejetlerdin' bag'darlari' ko'rsetilgen tu'rde usi'ni'ladi'.
Atqari'w uyi'mlari'n qarji' menen ta'miyinlew byudjette na'zerde tuti'lg'an mug'darda a'melge asi'ri'ladi'.
Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q Ken'esi rayonli'q bag'i'ni'wdag'i' qalani'n' byudjetin ha'm woni'n' wori'nlani'wi' haqqi'nda yesapti' tasti'yi'qlaydi'.

**12-statya.** Rayonli'q, qalali'q byudjettin' da'ramatlari'na:
-sali'qlar ha'm ji'yi'mlar;
-rayonni'n', qalani'n' menshigindegi mu'likti ijarag'a tapsi'ri'wdan yamasa sati'wdan tu'sken qarji'lar;
-ni'zamda na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda rayonni'n', qalani'n' menshigindegi ka'rxanalardi'n', ma'kemelerdin', sho'lkemlerdin' tekseriw arqali' ani'qlang'an jasi'ri'n yamasa azayti'p ko'rsetilgen da'ramatlari'ni'n' bir bo'legi;
-Wo'zbekstan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'na muwapi'q basqa da tu'simler kiredi.

**13-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esi byudjetten ti's qorlardi' du'ziwi mu'mkin, wolarg'a:
-puqaralardi'n', menshiktin' barli'q tu'rindegi ka'rxanalardi'n', ma'kemelerdin', sho'lkemlerdin' i'qti'yarli' to'lemleri ha'm qayi'r-saqawat qarji'lari';
-o'ndiriletug'i'n sali'qlardi'n' ayi'ri'm tu'rleri;
-byudjetten ti's basqa da qarji'lari' banktin' arnawli' yesap betlerinde boladi' ha'm xali'q deputatlari' tiyisli Ken'esinin' ha'm ha'kiminin' sheshimi boyi'nsha jumsaladi'

**IV-bap. Jergilikli wa'killikli ha'kimiyat uyi'mlari' du'zilisi ha'm wolardi'n' jumi'si'n sho'lkemlestiriw tiykarlari'**

**14-statya.** Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na muwapi'q rayonni'n', qalani'n' xalqi' ta'repinen saylanatug'i'n xali'q deputatlari'nan quraladi'.

**15-statya.** Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' tiykarg'i' jumi's formasi' sessiya boli'p tabi'ladi'. Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' sessiyasi'n ha'kim, woni'n' wori'nbasarlari'ni'n' birewi keminde ji'li'na yeki ret shaqi'radi'. Sessiya tiyisli Ken'es deputatlari'ni'n' keminde u'shten yekisinin' baslamasi' boyi'nsha shaqi'ri'li'wi' mu'mkin. Sessiyani' shaqi'ri'w haqqi'nda ha'kimnin' sheshimi sessiyadan keminde jeti ku'n aldi'n deputatlardi'n' di'qqati'na jetkeriledi.
Xali'q deputatlari'ni'n' jan'adan saylang'an rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' birinshi sessiyasi' saylawlardan keyin u'sh ha'pteden keshiktirilmey shaqi'ri'ladi' ha'm woni' aqsaqal deputatlardan birewi ashadi'. Xali'q deputatlari' Ken'esinin' sessiyalari'n ha'kim, bolmasa Ken'es sheshimi boyi'nsha sol Ken'es deputatlari'ni'n' birewi basqaradi'.
Xali'q deputatlari' Ken'esinin' sessiyasi'n wo'tkeriw da'wirinde deputatlardi'n' arasi'nan sessiyani'n' xatkeri yamasa Sekretariati' saylanadi'. Xali'q deputatlari' Ken'esinin' sessiyasi' deputatlardi'n' uli'wma sani'ni'n' yen' keminde u'shten yekisi qatnassa toli'q huqi'qli' boladi'.
Sessiyada dodalanatug'i'n ma'seleler boyi'nsha xali'q deputatlari'ni'n' qalali'q, rayonli'q Ken'esi ashi'q yamasa jasi'ri'n dawi'sqa qoyi'li'p, deputatlardi'n' ko'pshilik dawi'si' menen sheshimler qabi'l yetedi.

**16-statya.** Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' sessiyasi'n shaqi'ri'w ha'm wo'tkeriw, sessiyag'a ma'seleler usi'ni'w, Xali'q deputatlari' Ken'esinin' uyi'mlari'n du'ziw, saylaw, wolardi'n' jumi'si' haqqi'nda yesaplardi' ti'n'law, deputatli'q talapnamalardi', sheshimlerdin' joybarlari'n qarap shi'g'i'w, dawi's beriw, sheshimlerdi woqi'p yesittiriw, sessiyag'a shaqi'ri'lg'an adamlardi'n' sani'n belgilew ta'rtibi, deputatlardi'n' juwapkershiligi ha'm sessiyani'n' jumi'si'n sho'lkemlestiriw boyi'nsha basqa da ma'seleler xali'q deputatlari' Ken'esinin' Reglamenti menen belgilenedi.

**17-statya.** Ma'selelerdi aldi'n ala qarap shi'g'i'w ha'm sessiyag'a tayarlaw, xali'q deputatlari' Ken'esinin' sheshimlerin, Wo'zbekstan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'n turmi'sqa asi'ri'wg'a ja'rdemlesiw, wo'z wa'killikleri sheginde qadag'alaw wazi'ypalari'n a'melge asi'ri'w ushi'n xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esi wo'z wa'killikleri mu'ddetine turaqli' ha'm waqi'tsha komissiyalardi' saylaydi'. Komissiyalar haqqi'nda rejeler xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esi ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.

**V-bap. Wori'nlardag'i' atqari'w ha'kimiyati' uyi'mlari'**

**18-statya.** Rayonda, qalada atqari'w ha'kimiyati'n ha'kim basqaradi'. Ha'kimnin' birinshi wori'nbasari' ha'm wori'nbasarlari' boladi', wolardi'n' sani'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi belgileydi.
Rayon, qala ha'kiminin' birinshi wori'nbasarlari', wori'nbasarlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mg'a tayi'nlaydi' ha'm bosati'ladi', soni'nan qabi'l yetilgen sheshim xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' tasti'yi'qlani'wi'na usi'ni'ladi'.
Ha'kim, wori'nbasarlardi'n' wazi'ypalari'n ha'm minnetlerin belgileydi. Ha'kim bolmag'an yamasa wol wo'z minnetlerin atqara almaytug'i'n jag'dayda woni'n' wa'killiklerin ha'kimnin' tapsi'ri'wi' boyi'nsha wori'nbasarlari'ni'n' birewi a'melge asi'radi'.
Ha'kim, woni'n' wori'nbasarlari' ha'm ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' lawazi'mli' adamlari' haqi' to'lenetug'i'n basqa da lawazi'mdi' iyelewi mu'mkin yemes.

**19-statya.** Wori'nlardag'i' atqari'w ha'kimiyati' uyi'mlari' basqarmalardan, bo'limlerden ha'm basqa da bo'limshelerden ibarat, wolardi'n' du'zilisi, sho'lkemlestiriw ha'm jumi's ta'rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ministrler Ken'esi ta'repinen tasti'yi'qlanatug'i'n tiyisli rejeler menen belgilenedi.

**20-statya.** Atqari’w ha’kimiyati’ bo’limshelerinin’ basli’qlari’ ha’kimnin’ usi’ni’wi’ boyi’nsha xali’q deputatlari’ni’n’ Ken’esi, sessiyalar arali’g’i’ndag’i’ da’wirde ha’kim ta’repinen lawazi’mg’a tayi’nlanadi’ ha’m bosati’ladi’, qabi’l yetilgen sheshim xali’q deputatlari’ Ken’esinin’ tasti’yi’qlani’wi’na usi’ni’ladi’.

**VI–bap. Xali’q deputatlari’ rayonli’q, qalali’q ken’esinin’ ha’m ha’kimnin’ wa’killikleri**

**21-statya.** Xali’q deputatlari’ rayonli’q, qalali’q Ken’esinin’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’:
-ha’kimnin’ usi’ni’wi’ boyi’nsha jergilikli byudjetti ha’m woni’n’ wori’nlani’wi’ haqqi’nda yesapti’, aymaqti’ rawajlandi’ri’wdi’n’ bag’darlari’n, rayondag’i’, qaladag’i’ quri’li’slardi’n’ bas jobasi’n ha’m qa’delerin tasti’yi’qlaw;
- ni’zamlarg’a muwapi’q jergilikli sali’qlar ha’m basqa da ma’jbu’riy to’lemler mug’dari’n belgilew, jergilikli sali’qlar boyi’nsha jen’illikler beriw;
-ha’kimdi ha’m woni’n’ wori’nbasarlari’n lawazi’mg’a tasti’yi’qlaw ha’m bosati’w, wolardi’n’ jumi’slari’ haqqi’nda yesaplari’n ti’n’law;
-usi’ ni’zamda na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda ha’kimnin’ sheshimlerin tasti’yi’qlaw;
-Xali’q deputatlari’ Ken’esinin’ Reglamentin, turaqli’ ha’m basqa da komissiyalari’ haqqi’nda Rejesin tasti’yi’qlaw, wolarg’a wo’zgerisler ha’m qosi’mshalar kirgiziw;
-Xali’q deputatlari’ Ken’esinin’ turaqli’ ha’m waqi’tsha komissiyalari’n, basqa da uyi’mlari’n du’ziw ha’m saplasti’ri’w, qurami’na wo’zgerisler kirgiziw, wolardi’n’ jumi’si’ haqqi’nda yesaplardi’ ti’n’law;
-Xali’q deputatlari’ni’n’ wa’killiklerin tani’w ha’m mu’ddetinen buri’n toqtati’w, ni’zam menen belgilengen jag’daylarda ha’m ta’rtipte wolardi’ juwapkershilikke tarti’wg’a kelisim beriw;
-atqari’w ha’kimiyati’ bo’limleri, basqarmalari’ ha’m bo’limsheleri basshi’lari’ni’n’ yesaplari’n ti’n’law;
-Xali’q deputatlari’ni’n’ talaplari’n qaraw ha’m wolar boyi’nsha sheshimler qabi’l yetiw;
-ha’kimnin’ Wo’zbekstan Respublikasi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’na sa’ykes kelmeytug’i’n sheshimlerin biykarlaw;
-ha’kimnin’ usi’ni’wi’ boyi’nsha ha’kimiyatti’n’ du’zilisin, shtatlari’n ha’m xi’zmetkerlerinin’ miynet haqi’ qori’n tasti’yi’qlaw.
Xali’q deputatlari’ni’n’ rayonli’q, qalali’q Ken’esleri Wo’zbekstan Respublikasi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zamlari’na muwapi’q puqaralardi’n’ huqi’qlari’ ha’m ni’zamli’ ma’pleri boyi’nsha socialli’q-ekonomikali’q rawajlandi’ri’wdi’, qorshap turg’an wortali’qti’ qorg’awdi’ sho’lkemlestiriw ha’m qadag’alaw ma’selelerin ta’miyinlewde wo’z wa’killigine tiyisli basqa da ma’selelerdi sheshedi.

**22-statya.** Rayonni’n’, qalani’n’ ha’kimi:
-Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zamlari’ni’n’ ha’mde Wo’zbekstan Respublikasi’ Woliy Majlisinin’ palatalari’, Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti, Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi, Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ qararlari’ni’n’, Ministrler Ken’esi hu’jjetlerinin’ ha’m xali’q deputatlari’ Ken’esi qararlari’ni’n’ wori’nlani’wi’n sho’lkemlestiredi;
-ja’miyetlik ta’rtipti saqlaw, ji’nayatshi’li’qqa qarsi’ gu’resiw, ta’biyiy apatshi’li’qlar, epidemiyalar ha’m basqa da ayri’qsha jag’daylarda jumi’slardi’ sho’lkemlestiredi;
-rayondi’, qalani’ ekonomikali’q-socialli’q jaqtan rawajlandi’ri’wdi’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’n, rayonli’q, qalali’q byudjettin’ tiykarg’i’ ko’rsetkishlerin ha’m wolardi’n’ wori’nlani’wi’ haqqi’nda yesaplardi’ xali’q deputatlari’ Ken’esinin’ tasti’yi’qlawi’na usi’nadi’;
-o’z wori’nbasarlari’n ha’m atqari’w ha’kimiyati’ni’n’ bo’limlerinin’ basli’qlari’n tayi’nlaw ha’m lawazi’mi’nan bosati’w haqqi’nda sheshimlerdi xali’q deputatlari’ Ken’esinin’ tasti’yi’qlawi’na usi’nadi’;
-ha’kimlik apparati’ bo’limshelerinin’ basshi’lari’n tayi’nlaydi’ ha’m lawazi’mi’nan bosatadi’;
-Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’na ha’m ni’zam aktlerine qayshi’ kelse, to’mengi ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ sheshimlerin biykarlaydi’;
-atqari’wshi’ ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ jumi’si’n qadag’alaydi’, wolardi’n’ yesaplari’n ti’n’laydi’, xi’zmetkerlerdi xoshametleydi ha’m intizamli’q sharalar qollanadi’;
-puxaralardi’ qabi’llawdi’ sho’lkemlestiredi, puxaralardi’n’ shag’i’mlari’n, arzalari’n ha’m usi’ni’slari’n qaraydi’;
-turaq jay iyeleri ha’m turaq jaydan paydalani’wshi’lar kommunalli’q xi’zmetler to’lemi ha’m ma’jbu’riy to’lemlerdi to’lewge baylani’sli’ talaplardi’ qopal ra’wishte buzg’an jag’daylarda rayonlardi’n’, qalalardi’n’ ha’kimleri kommunalli’q xi’zmetler to’lemi ha’m ma’jbu’riy to’lemlerdi to’lew boyi’nsha qari’zlardi’ wo’ndiriw haqqi’nda kommunalli’q xi’zmet ko’rsetiwshiler yamasa jeke turaq jay iyeleri shirketlerinin’ usi’ni’si’na muwapi’q dawa arzalar menen sudqa mu’ra’jat yetedi;
-ha’kim jobalasti’ri’w, byudjet, finans, yesap ju’rgiziw, rayonni’n’, qalani’n’ menshigin basqari’w, menshiktin’ ha’r qi’yli’ tu’rindegi ka’rxanalar, ma’kemeler, sho’lkemler, puxaralardi’n’ wo’zin-o’zi basqari’w uyi’mlari’ menen wo’z-ara baylani’sli’ ha’reket yetiw, jerden ha’m basqa da ta’biyiy resurslardan paydalani’w, ta’biyatti’ qorg’aw, quri’li’s, transport, jol quri’li’si’ ha’m baylani’s, kommunalli’q, sawda, socialli’q-ma’deniy xi’zmet ko’rsetiw, xali’qti’ socialli’q qorg’aw, ni’zamli’li’qti’, huqi’q ta’rtibin ha’m ka’wipsizlikti ta’miyinlew, puxaralardi’n’ huqi’qlari’n ha’m yerkinliklerin qorg’aw tarawi’ndag’i’ ma’selelerdi ha’mde ni’zamlar menen belgilengen wa’killiklerine tiyisli basqa da ma’selelerdi sheshedi.

**VII–bap. Xali’q deputatlari’ rayonli’q,qalali’q ken’eslerdin’ ha’m ha’kimlerdin’ jumi’slari’ni’n’ huqi’qi’y kepillikleri**

**23-statya.** Xali’q deputatlari’ rayonli’q, qalali’q Ken’esinin’ sheshimleri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen belgilengen ta’rtipte toqtati’ladi’, biykar yetiledi.
Ha’kimlerdin’ aktlerin Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ta’repinen toqtati’ladi’ ha’m biykarlanadi’.

**24-statya.** Joqarg’i’ ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ wo’z wa’killigi sheginde qabi’l yetken sheshimlerin to’mengi uyi’mlar wori’nlawg’a minnetli.

**25-statya.** Puqaralar, ja’miyetlik birlespeler, ka’rxanalar, ma’kemeler ha’m sho’lkemler ha’kimnin’ aktler u’stinen sudqa shag’i’m yetiwi mu’mkin.

**26-statya.** Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ Konstituciyalari’na ha’m ni’zamlari’na qayshi’ keletug’i’n ha’kimnin’ sheshimlerine prokuror ta’repinen qarsi’li’q keltiriliwi mu’mkin. Prokuror qarsi’li’qlari’ keltirilgen sheshimlerdi ha’kimnin’ wo’zi, al za’ru’r jag’daylarda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi qayta qarap shi’g’adi’.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

- Ministrler Ken'esi